

Bilan operasyon Lapolis

Nan kòmansman mwa avril la, ajan Polis nasyonal Dayiti yo arete yon dizèn prezime bandi ak kidnape e rive dejwe 2 ka kidnapi nan zòn Pon moren ak nan Matisan. Ajan PNH yo te rive fè aretasyon sa yo nan sant vil, Petyonvil ak Delma. Komisè polis Pòtoprens lan, Michel-

sant kapital la. Pami moun lapolis te arete yo, genyen yon sèten Chenet Lyetnan yo t ap chache ak chèf gang lame Timanchèt la, Roody.

Nan Petyonvil, lapolis arete yon chèf gang ki rele Michel-Ange Saint-Fort alyas Belou, nan lannwit samdi 31 mas pou louvri



Arestasyon yon prezime chèf gang ki rele William Baptiste alyas ti blan (ak tèt trese) nan delma 34 mèkredi ki te 4 avril la.

Ange Gédéon konfime lapolis arete 5 endividi nan yon operasyon yo te mennen vè 2 zè di maten, nan lannwit vandredi 30 mas pou louvri samdi 31 mas la, nan zòn Bawo, ki chita nan Fontamara 27, nan Sid kapital la. Daprè komisè a, lapolis te mennen operasyon sa a aprè l te fin genyen enfòmasyon sou yon tantativ kidnapi ki t ap fèt sou yon dam nan zòn Pon moren, nan

dimanch premye avril la. Komisè Petyonvil la, Francène Moreau ki te konfime enfòmasyon sa a, fè konnen chèf gang sa a, Belou te konn opere nan zòn metwopolitèn kapital la, sitou nan zòn Kafou, Fontamara ak Matisan. Daprè ankèt lapolis, Belou genyen plizyè ka asasina ak kidnapi sou do l ; pami ka sa yo, genyen asasina polisye Blanchard Ronald, ki t ap travay nan sou

Fineray Molière Lamour



Molière Lamour ki te yon gwo militan PPN nan komin Obòy e manm Komite santral pati a te jwenn lanmò li nan rivyè Mansèl ki te desann aprè yon gwo lapli te fin tonbe nan komin lan.

Antèman Molière Lamour alyas Mòy te chante samdi 31 mas pase a nan bouk Obòy an prezans militan Pati popilè Nasyonal (PPN), fanmi l ak plizyè moun nan popilasyon an. Molière Lamour ki te yon gwo militan PPN nan komin Obòy e manm Komite santral pati a te jwenn lanmò li nan rivyè

Mansèl ki te desann aprè yon gwo lapli te fin tonbe nan komin lan. Kòm militan politik, Mòy te toujou montre detèminasyon l pou l batay pou yon chanjman total kapital rive fèt nan sosyete ayisyèn nan. Li te toujou mete l bò kote mas pèp la, malgre tout moman difisil, li t ap fè fas nan lavi l.

Nouvèl Kout Kreyòl

OPG fikse pozisyon l sou sitiyasyon peyi a

Operasyon plon gaye (OPG) ki se regwoupman plizyè òganizasyon popilè nan kapital la tankou : Konop, Moppad, Fwomiviss, Ojedecis, Gwomilakou, Opfoch te rele laprès mèkredi 4 avril la pou l te fikse pozisyon l sou sitiyasyon peyi a. Kòdonatè jeneral OPG a, Jacques F. Lantino kritike gouvènman Préval/Alexis a li di k ap itilize lajan peyi a nan movè kondisyon, ki pa regle anyen pou pèp la, ki kite mas pèp la ap benyen nan kras ak lamizè, pa ka manje, pa ka voye pitit yo lekòl, pa ka jwenn lasante ; lavichè ak chomaj ap fin kokobe gason ak fanm yo nan peyi a. « Pèp ayisyen li lè, li tan pou nou pran desten peyi nou nan men, twòp frè n ak sè n ap mouri grangou, nan chomaj ak ensekirite, poutan Premye minis lan ak tout minis li yo ap kalewès ak yon pwogram PAS ki pa yon reyalyite ».

OPG mande mas pèp la mobilize l pou l fè gouvènman Jacques Edouard Alexis a tande vwa l, pou mizè pèp la ka jwenn yon ti soulajman.

komisarya Saint-Charles, nan komin Kafou, yo te asasinen l 25 janvyè pase. Genyen ajan Konpayi dentèvansyon ak mentyen död (CIMO), Jean Baptiste Candy, yo te asasinen l 11 fevriye pase a. Toujou nan Petyonvil, lapolis arete Suzan Isaac dimanch premye avril la, aprè l te fin rale zam li sou yon moun nan yon restoran nan Petyonvil. Zam yo pran nan men li an, dapre seri li, se pou polis nasyonal Dayiti. Komisè Petyonvil, la Francène Moreau fè konnen, lapolis nan jiridiksyon li a detèmine pou arete tout bandi ki ta vin kache nan zòn nan pou mennen aktivite banditis yo. Pou l rive fè travay sa a, li mande kolaborasyon popilasyon an, pou yo rele bay lapolis tout enfòmasyon yo genyen sou bandi yo. Jedi 5 avril la pòtpawòl PNH la, Frantz Lerebours prezante 7 prezime kidnape lapolis te arete nan Petyonvil : Evens Alcín, Sorel Patrice, yon ansyen militè Andrick Delcice, Wilda Jocelyn, Celestin Cenatus, Marc Karios Despio, Jean Eric etc.

sociale, le manque d'accès à la justice et le lent processus de consolidation démocratique. (...) Malgré une diminution du niveau de la violence qui avait été observée lors des élections de février 2006 dont le président René Préval était sorti vainqueur, depuis la mi-2006 on enregistre une intensification de la violence. Ce qui a entraîné une augmentation sans précédent des cas d'homicides, d'enlèvement et de violence contre la population civile, particulièrement les femmes et les enfants. (...) Le problème s'est aggravé en raison de l'absence de mesures effectives de prévention de la criminalité et de l'incapacité de l'Etat à poursuivre et à punir les auteurs de ces actes ». Par ailleurs, Cuba, le Venezuela et la Colombie figurent également sur la liste des pays constituant les cas les plus préoccupants du continent en matière de droits humains, selon le rapport de la CIDH. On voit dès lors que la CIDH applique la politique impériale des Etats-Unis.



Dans le cadre des assises criminelles sans assistance de jury qui se déroulent depuis plusieurs semaines, une dizaine de personnes accusées de participation dans le kidnapping sont condamnées à demeurer en prison à perpétuité.

Kidnapè sa yo te fè pati de yon gang ki t ap opere nan zòn Petyonvil, Thomassin, Pegguy-ville ak plizyè lòt nan komin lan. Bandi sa yo te kidnape yon sitwayen ameriken dorijin ayisyèn, aprè yo te fin resevwa 150 mil goud ak mil dola kòm ranson, yo te touye l al lage kadav la nan zòn Pegguy-ville, yo lokalite ki chita nan komin Petyonvil.

Nan Delma, lapolis arete yon prezime chèf gang ki rele William Baptiste alyas Ti Blanc, nan Delma 34 mèkredi 4 avril la. Daprè kèk enfòmasyon Ti Blanc se te yonn nan responsab katye yo nan Site Solèy sou epòk defakto yo. Li te kouri kite Site a poutèt yo te akize l kòm moun ki ta trayi popilasyon an pandan l jwe wòl endikatè polis nan bay responsab fòs okipasyon Loni an, Minustah enfòmasyon sou Site a epi al refijye l nan zòn Simon-Pele ki chita nan katye Site Militè, nan Nò kapital la. Lapolis fè konnen se yon moun yo t ap chache depi kèk mwa.

Luttez pour la justice économique et les droits des travailleurs immigrés !



Le syndicat, UNITE HERE, recherche des activistes dévoués à organiser des ouvriers dans les industries de service dans le Nord de New Jersey. Pour être qualifié, les individus doivent être non seulement bilingues parlant anglais et créole, mais de plus, des militants qui se consacrent à la lutte pour la justice sociale.

Les applications seront reçues à notre programme de formation et de placement de travail, le 4 et 5 mai prochain dans le Nord de New Jersey à

<http://jobs.unitehere.org>

Information : Terri Nilliasca au 917-860-3191 unitehereterri@yahoo.com